# Дыгъэгъазэм и 12-р Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№238 (23.146) • 2015 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 12, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru


**Битокъу О. Ю. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхук1э**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ**

Къафэмк1э гъуазджэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщын **Битокъу Оксанэ Юрий и пхъум** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал музыкэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и балетым и артисткэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м*
*№179-УГ*

## КIуэкIуэ Ю. А. Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и деж щыIэ советым и зэIущIэм хэтащ икIи абы къыщыпсэлъащ

Меликов Сергей дыгъэгъазэм и 10-м Пятигорск къалэм щригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и деж къыщызэрагъэпэща советым и зэIущIэ. Абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и «накъыгъэ» указхэр гъэзэщIэныр, округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхухэр. Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ хэхыныгъэхэм захуэгъэхьэзырыным икIи ахэр егъэкIуэкIыным, шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным, коррупцэм пэщIэтыным, къыкIэлъыкIуэ гъэм щIыналъэхэм я бюджетхэр зэхэлъхьэным.

А махуэ дыдэм официальнэу къызэIуахащ Кавказ Ищхъэрэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я ещанэ зэхыхьэшхуэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



ЗэIущIэр Меликов Сергей ирегъэкIуэкI.

## КъБР-м и Iэтащхьэр Италие Республикэм и генеральнэ консулым хуэзащ

**КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Италие Республикэм щIыхь зиIэ и генеральнэ консулу Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округхэм щыIэ Лодиджиани Пьерпаоло.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ агропромышленнэ комплексым, электроэнергетикэм, туризмэм я IэнатIэхэм щызэдэлэжьэнымкIэ, кIэрыхубжьэрыхухэм елэжь иджырей предприятэ республикэм и щIыналъэм къыщызэгъэпэщынымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ бгылъэ щIыпIэхэм зегъэужьынымкIэ, туризмэм и инфраструктурэ зэтегъэувэнымкIэ Италием и IэщIагъэлIхэм зэфIэкI зэрабгъэдэлъыр икIи Урысей Федерацэм и делегацэм хэту езыр Больцано-Тироль Ипщэ щIыналъэм щыщыIам ар и нэгу зэрыщIэкIар.

Лодиджиани Пьерпаоло къыхигъэщхьэхукIащ санаторэ-курорт IэнатIэм, цIыхухэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хэкIыпIэшхуэ зэриIэр, лъэныкъуитIыр щэнхабзэ, егъэджэныгъэ IуэхухэмкIи зэрызэдэлэжьэфынур.

ЗэIущIэм щызэгурыIуащ зи гугъу ящIа IэнатIэхэм яхуэгъэзауэ щыIэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэну.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## КIУЭКIУЭ Юрий: «Коррупцэмрэ мылъкур щIэуфауэ зэрызэрагъэкIуэкIымрэ япэщIэувэн хуейщ»



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр къыщызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэпымыууэ лажьэ и ЗэзыгъэуIу зэхуэсымрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ я зэIущIэ.**

АБЫ щытепсэлъыхьащ коррупцэм пэщIэтыным теухуа Iуэхухэмрэ къэралыр зыхуэныкъуэхэр къэщэхуным хабзэр къыщызэпамыудын папщIэ зэфIагъэкIхэмрэ.

ЗэIущIэм хэтхэм защыхуигъазэм, КIуэкIуэ Ю. А. къыхигъэщащ:

- ЩыIэ хъуа экономикэ щытыкIэр къэплъытэмэ, къэрал мылъкур зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным псом хуэмыдэу иджыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ. Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъазэм, экономикэм зэрыщыту щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ бюджет мылъкур зэгъэзэхуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абыкIэ Iэмал нэхъыфIхэм ящыщу Урысейм и Президентым къилъытащ къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм папщIэ къащэхухэр ягъэмэщIэныр. АбыкIэ къэгъэлъэгъуа хъуащ бюджетым щыщу лейуэ ягъэкIуэдыр илъэс къэс нэхъ мащIэ щIын зэрыхуейр. А къалэныр гъэзэщIа хъун папщIэ коррупцэмрэ мылъкур щIэуфауэ зэрызэрагъэкIуэкIымрэ япэщIэувэн хуейщ. АбыкIэ Iэмал, Iэмэпсымэ нэхъыщхьэу щытщ Iуэхухэр нахуэу икIи зэIухауэ ирагъэкIуэкIыныр.

Апхуэдэу, 2014 гъэм республикэм игъэкIуэд мылъкур проценти 5,5-кIэ (ар сом мелуан 588,6-рэ мэхъу) игъэмэщIэн хузэфIэкIащ. Мы гъэм и пэм къыщыщIэдзауэ - проценти 7,1-кIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ.

ИлъэситI иримыкъум къриубыдэу хабзэр хъумэнымкIэ органхэм къэпщытэныгъэ миным щIигъу ирагъэкIуэкIащ. КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ абыхэм я бжыгъэр илъэс къэс нэхъыбэ зэрыхъур, апхуэдэу щытми, жэуапым зыри зэрырамышалIэр икIи абы арэзы укъызэримыщIыр: «ЩытыкIэм кIэлъыплъын хуейщ. Ар хабзэ гуэрым тегъэувапхъэщ. Абы щыгъуэм дэ хьэлэлу лажьэ цIыхухэр апхуэдэ къэпщытэныгъэхэмкIэ дгъэпIейтеинукъым, хьэжьвакъэжьышххэми жэуапым зыпыIуадзыфынукъым», - къыхигъэщащ республикэми и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ къэралыр зыхуэныкъуэхэр къэщэхун IэнатIэм хабзэр къыщызэпызыудхэр, щIэпхъаджагъэ зылэжьхэр къыщIэгъэщыным, ахэр жэуапым ешэлIэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкI Iуэхухэр щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуейр, абы хуэунэтIауэ хабзэхъумэ IэнатIэ псори зэгъэуIуауэ а Iуэхум пэщIэтынуи къыхуриджащ.

ЗэгурыIуэныгъэ иращIылIауэ къулыкъур езыхьэкIхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн, хабзэм къигъэувхэр тэмэму къагурыIуэу ахэр ягъэзэщIэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ. ГъэзэщIакIуэ властым и органхэм хуагъэуващ бюджет мылъкур къызэрагъэсэбэпым нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну.

ЗэIущIэм хэтащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и премьер-министр **Мусуков Алий**, къалэ, щIыналъэ администрацэхэм я унафэщIхэр, суд, хабзэхъумэ, къэрузехьэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурор **Жариков Олег**, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**, Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и управленэу республикэм щыIэм и унафэщI **Пщыншэ Къазбэч**, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Ромашкин Игорь** сымэ ящIа докладхэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр ягъэлъапIэ

Къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр - Конституцэр - илъэс къэс дыгъэгъазэм и 12-м ягъэлъапIэ. 1993 гъэм а махуэм цIыхубэ IэIэткIэ къащтауэ щытащ Урысей Федерацэм и Конституцэр. Аращ Урысейм и хабзэ нэхъыщхьэри, законхэм лъабжьэ яхуэхъури.

Конституцэр къызэращтэрэ зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ халъхьащ, абыхэм ящыщщ УФ-м и Президентыр илъэсих пIалъэкIэ зэрыхахыр (нэхъапIэм илъэси 4-у щытащ), Къэрал Думэм хаххэр илъэситхукIэ зэрылажьэр (ари илъэси 4-у щытащ).

Конституцэр демократие ухуэкIэ зиIэ къэралыгъуэм и щIэгъэкъуэн лъэщщ. Дэтхэнэ цIыхуми ищIапхъэщ абы кърит хуитыныгъэхэмрэ пщэрылъ къыщищIхэмрэ.

Илъэси 10-м щIигъукIэ дыгъэгъазэм и 12-р зыгъэпсэхугъуэ махуэу щытащ. Ауэ 2004 гъэм Къэрал Думэм Лэжьыгъэ кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ, ар лэжьэгъуэ махуэу къэлъытэным теухуауэ. Абы емылъытауэ, дыгъэгъазэм и 12-м ди хэкум и дэнэ щIыпIи гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр, «стIол хъурейхэр», конференцхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пэкIухэр щокIуэкI, къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр ягъэлъапIэу.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**


Литературэм и илъэс · ХъыбарыщIэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

Махуэгъэпс · Малъхъэдис


**Налшык къалэ**

**Мылъкук1э зыщ1агъэкъуэн папщ1э, хьэрычэтыщIэ щIэзыдзагъащIэхэм я проектхэр къыщыхах зэпеуэм щытекIуахэм Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм щехъуэхъуащ.**

## IэнатIищэ мынэхъ мащIэ

ЗЫХЭПЛЪА проекти 150-м ящыщу 42-м гранитхэр хухахынущ. Абыхэм я нэхъыбэр - 25-р - щIалэгъуалэм я бизнес гъэпсыкIэ лIэужьыгъуэщ. ТекIуахэм яхэтщ мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствитIрэ цIыхубэ IэщIагъэхэм я лъэщапIитхурэ.

- Пэублэу къызэрыдбжамкIэ, грантхэр зыхухэтхахэм IэнатIищэ мынэхъ мащIэ етIанэгъэ къызэIуахынущ. ХьэрычэтыщIэ щIэзыдзагъащIэхэм я бизнес планхэм я фIыгъэкIэ, хьэпшып, Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэщIэхэр къэунэхунущ, щыIэхэр ефIэкIуэнущ. ТекIуахэм я проектхэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ бизнес планипщI зэрахэтыр къыхэгъэщыпхъэщ. Ахэр ныкъуэдыкъуэхэм, лэжьапIэншэхэм, илъэсищым нэсыху сабий зыпIхэм яйщ, - къигъэлъэгъуащ щIыпIэ администрацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир.

Зэпеуэм щытекIуахэм я проектхэм псэуныгъэм пыщIа IэнатIэ псори къызэщIаубыдэ. ХьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ дэIыгъыным хухах мылъкум, федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ, нэгъабэ елъытауэ хуэдэ зырэ ныкъуэкIэ хэхъуащ. Апхуэдэу нэхъыбэ дыдэу ят грантыр сом мин щитхум нэсащ. Абы и фIыгъэкIэ, 3D технологиери хэту, нэхъ проектышхуэхэр яхуэгъэзэщIэнущ.

*Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## «ДыгъафIэ къалэм» екIуалIэ гъуэгущIэхэр хаш

**«ДыгъафIэ къалэ» сабий академие» къэрал бюджет IуэхущIапIэм екIуэлIэну сабийхэм я Iуэхур нэхъ тынш хъун папщIэ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм унафэ къищтащ автобусхэр щызекIуэ маршрутхэу №21-мрэ №23-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ.**

АДМИНИСТРАЦЭМ промышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и управленэм къызэрыщыдджаIамкIэ, маршрут №21-м тет автобусхэр Профсоюзнэ, Бутаевым, Къалмыкъым, Дзержинскэм, ЕтIуанэ Тамань дивизэм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм тету кIуэнурэ адэкIэ маршрутым теувэжынущ; маршрут №23-м тетхэр ПащIэм, Осетинскэ, ЕтIуанэ Тамань дивизэм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм ирикIуэнурэ, «Кавказ» федеральнэ гъуэгум техьэжынущ икIи «Дубки» бэзэрым деж зыкъыщагъэшыжынущ. ЗэкIэ иджыпсту «ДыгъафIэ къалэм» екIуалIэр маршрут №4-м тет троллейбусым и закъуэщ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм къару ягъуэт 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м щегъэжьауэ.

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 2,** *щэбэт*

♦**Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ.** 1993 гъэм цIыхубэ IэIэткIэ къащтащ УФ-м и Конституцэр.

♦**Къыргъызстаным и лъэпкъ литературэм и махуэщ**

♦**Швейцарием и къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1979 гъэм** КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ къэралым и дзэхэр Афганистаным иришэным теухуауэ.

♦**1993 гъэм** КъБР-м палатитI хъу и Парламентыр хахащ.

♦Урыс тхакIуэ, усакIуэ, тхыдэдж **Карамзин Николай** къызэралъхурэ илъэс 249-рэ ирокъу.

♦Къыргъызым и цIыхубэ тхакIуэ, Къыргъыз Республикэм и ЛIыхъужь, Ленин саугъэтым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Айтматов Чингиз** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр, актёр цIэрыIуэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Украинэм и цIыхубэ артист **Быков Леонид** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Юрист, КъБР-м щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **ГубэщIыкI Владимир** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, уэрэдус, артист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бахъуэ БетIал** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбэч** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкъей Лерэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъыз Валерий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шал Любовь** къыщалъхуа махуэщ.

♦БодибилдингымкIэ дунейпсо чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лъакъуэдыгъу Рамзес** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Соломин Виталий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 13,** *тхьэмахуэ*

♦**1949 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъАССР-м и цIыхубэ ныбжьыщIэхэм я XI республикэ съезд.

♦**1991 гъэм** Налшык щекIуэкIащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я съезд.

♦**1642 гъэм** Голландием щыщ, хым тету щIыпIэ-щIыпIэхэр къызэхэзыкIухь Тасман Абель къихутащ Новая Зеландия щIыналъэр зэрыщыIэр.

♦Нэмыцэ усакIуэ, публицист, критик **Гейне Генрих** къызэралъхурэ илъэс 218-рэ ирокъу.

♦ СССР-м и цIыхубэ артист **Плятт Ростислав** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Рыбников Николай** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, жэщым уэс тIэкIу къыщесынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 14,** *блыщхьэ*

♦**Академик Сахаров Андрей и фэеплъ махуэщ**

♦1695 гъэм пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат. (Абы щыгъуэ ар дзэм и къулыкъу нэхъыщхьэт).

♦1799 гъэм дунейм ехыжащ США-м и япэ президенту щыта Вашингтон Джон.

♦1911 гъэм Норвегием и къэхутакIуэ Амундсен Руаль япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

♦1947 гъэм къыдэкIащ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ «Ахъшэ реформэ егъэкIуэкIынымрэ ерыскъы, промышленнэ хьэпшыпхэр къызэращэху карточкэхэр къэмыгъэсэбэпыжынымрэ ятеухуауэ» я Унафэр.

♦Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щIэныгъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр** къызэралъхурэ илъэси 199-рэ ирокъу.

♦Индием щыщ актёр цIэрыIуэ, режиссёр **Капур Радж** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъул Леонид** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Банэ хуэдэу къэщтэж, данэ хуэдэу гъэтIылъыж.**



● IэмэпсымэщIэ

# «Интерактивнэ ТВ 2.0»-м и зэфIэкIым зрагъэубгъу

**Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я телекоммуникацэ компаниехэм дыгъэгъазэм и 1-м ирагъэкIуэкIа видеоконференцым щагъэлъэгъуащ «Интерактивнэ ТВ 2.0» IэмалкIэ Интернет Iуэхутхьэбзэхэр зэрагъэзащIэ Iэмэпсымэщ Iэм и япэ къыдэкIыгъуэр. ЗэIущIэм ирагъэблэгъащ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIэкIэ видеоконференцым хэтахэм я зэщIэгъэуIуакIуэ, «Урысей телеком» ПАО-м коммерцэ IуэхухэмкIэ и унафэщI Шеметов Дмитрий къызэрыхигъэщамкIэ, ягъэIэпхъуэ, къыздрахьэкI хъу а пхъуантэ цIыкIум (ОТТ-приставкэм) и фIыгъэкIэ ди къэралым и щIыналъэу Интернетыр щылажьэ псоми «Интерактивнэ ТВ» - м и телевиденэ, и видеоконтент гъэпсыкIэхэр къыщыпхуэгъэIурыщIэнущ.

- Сытым щыгъуи хуэдэу, «Ростелеком» компанием хущIокъу фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм зэрахуищIэным, - жиIащ Шеметов Дмитрий. - Куэд щIатэкъым компанием мультимедийнэ порталыщIэ къызэIуихыу планшетхэмрэ Smart TV-мрэ я гуэдзэнхэр (приложенэхэр) зэригъэхьэзыррэ. ОТТ-приставкэщIэм и фIыгъэкIэ, «Интерактивнэ ТВ»-р сыт хуэдэ экранми къыщыпхуегъэубыдынущ, Интернет здэщыIэ дэнэ щIыпIи контент Iуэхутхьэбзэми зыщыпыщIэфынущ. Wi-Fi Iэмалыр зыгъэIэрыхуэхэм приставкэр кIапсэншэуи къахуэгъэсэбэпынущ.

Приставкэр къыздешэкIыгъуафIэщи, щыпсэу щIыпIэр щIэх-щIэхыу зыхъуэжхэм я дежкIэ абы тыншыгъуэ къызэришэми щытепсэлъыхьащ видеоконференцым.

- ЩIыналъэхэм связымкIэ щыIэ инфраструктурэм езэгъыущ «Интерактивнэ ТВ 2.0»-р къызэрызэдгъэпэщар, - къыхигъэщащ «Ростелеком» компанием и «Ипщэ» ПАО щIыналъэ куэд къызэщIэзыубыдэм и къудамэм IэмалыщIэхэмрэ IэмэпсымэщIэхэмрэ щызэбгрыгъэкIынымкIэ IэнатIэм и унафэщI Роднова Аннэ. - Нобэ фи пащхьэщыдгъэлъагъуэIэмэпсымэщIэм хузэфIэкIынур зыхуэдизыр ар зыIэрызыгъэхьэ цIыхухэм, жыжьэ дыди мыкIуэу, ноби къахуэпщытэнущ. Гъэ дызэрытым и кIэ хъуху приставкэщIэм и уасэнур сом 1990-рэщ. Ар къэзыщэхухэм япэ мазэм абонементыпщIэ Iахынукъым, ауэ адэкIэ мазэ къэс сом 320-рэ ятын хуейуэ къатохуэ.

Приставкэр «Ростелеком»-м и тыкуэнхэми, компанием и сайтми (www.rt.ru.) къыщыпхуэщэхунущ. «Интерактивнэ ТВ 2.0» IэмалыщIэмкIэ телеканалу 122-м уеплъыфынущ. Абыхэм ящыщу 29-р щIэныгъэм хэзыгъахъуэщ, 13-р кинофильмхэр къэзыгъэлъагъуэщ, 15-р макъамэ къэзытщ, 13-р спортым дихьэххэм папщIэ къызэIуахахэращ. Видео-кино еплъыну хуейхэм, зэман зэхуэмыдэхэм къыдагъэкIа, зытеухуа и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыха фильму мини 2,5-м щIигъумкIэ зытрагъэуну Iэмал яIэщ. Абыхэм ящыщу 300-р HD, 60-р 3D теплъэм (форматым) иту, 150-р сериалу.

ОТТ-приставкэщIэр зэзыгъэпэщхэм дыщIыгъужыныгъэу къахуэгъэсэбэпынухэм ящыщщ, «гу зыхуащIа» кинофильмыр е нэтыныр щыхуейм деж къагъэувыIэ, уеблэмэ, абыхэм къытрагъэзэжурэ еплъ, а IэмэпсымэщIэмкIэ экрани 5-м нэблагъэ (телевизор, компьютер, ноутбук, планшет, Smart TV) иризэпащIэ, иризэщIагъэуIуэ зэрыхъунури. Языныкъуэ сервисхэр (Iуэхутхьэбзэхэр) дызыхуэкIуэ 2016 гъэм и щIышылэ мазэр иухыху пщIэншэу щытынущ.

Телекоммуникацэ Iуэхутхьэбзэхэр къэрал властым и къудамэхэмрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ яхуэзыщIэу къэунэхуа рынокым «Урысей телеком» ПАО-м ипэжыпIэкIэ бжьыпэр щиIыгъщ. Электрон правительствэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, шынагъуэншагъэм, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыгъэзащIэ IуэхущIапIэхэм технологие и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным хуэлажьэхэм компанием щыпашэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Джэрпэджэж

# ФIэщхъуныгъэ къытхелъхьэ

**Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэташхьэм и къуэдзэ Азубэч МуIэед:**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэр дунейпсо, къэрал кIуэцI Iуэхухэм зэпкърыхауэ поджэж. Абыхэм щыщIэгъэбыдащ лъэпкъ гупсысэ лъэщыр - хэкур фIыуэ лъагъуным, хъумэжыным, егъэфIэкIуэным хуэгъэпса фIэщхъуныгъэр. Президентым къигъэувхэр къэрал щIыб, къэрал кIуэцI Iуэху куэдым джэлэс яхуохъу. Абыхэм ди цIыхухэр нэхъри зэрызэкъуагъэувэнум шэч хэлъкъым.

Къэралым къыпэщыт къалэнхэр кууэ икIи зэщхьэщыхауэ игъэбелджылащ. Апхуэдэщ нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщытщэху продукцэм и пIэм иувэнухэр къыщIэгъэкIыным, ди деж щагъэхьэзырхэм я фIагъым хэгъэхъуэным егугъун зэрыхуейр. Путин Владимир дыкъыхуреджэ IэнатIэ псоми зэдэууэ зедгъэужьыну, ди IэдакъэщIэкIхэр дунейпсо рынокым щыпхыдгъэкIыну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, экономикэр нэрылъагъуу къэзыIэтыну бизнес проект инхэр къэралым щыдгъэзэщIэн хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр мэкъумэш щIыналъэщ, ди гъавэгъэкIхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ я зэфIэкIыр зэIэпахыу илъэс куэдкIэ къекIуэкIащ. ДэIэпыкъуныгъэ ягъуэтмэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэ дяпэкIи зэраIэнум шэч къытесхьэркъым.

Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр егъэжьэжыным къэралымрэ республикэмрэ я унафэщIхэм къаруушхуэ ирахьэлIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэу щыта а къыщIэхыпIэр щаутIыпщыжынум ди щIыналъэм и цIыхухэр темыпыIэу поплъэ.

Президентым гулъытэ хэха хуищIащ хьэрычэт IэнатIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ зегъэужьыным, цIыхухэм, псом япэу хуэмыщIахэм, къащхьэщыжыным, еджапIэхэр, сабий гъэсапIэхэр ухуэным, унагъуэр, анагъэр дэIыгъыным пыщIа Iуэхухэмрэ гъащIэм къигъэув нэгъуэщI къалэнхэмрэ. Ахэр зэуIуу гъэзэщIа хъумэ, къэралыр лъэщу япэкIэ кIуэтэнущ. Абы фIэщхъуныгъэ къытхелъхьэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

# Iулъхьэм пэщIэтыным къыхураджэ

**Iуащхьэмахуэ районым щыщ волонтёр 50 хэтащ щIыналъэм щыпсэухэр Iулъхьэм пэщIэтыным къыхуеджэнымкIэ ирагъэкIуэкIа Iуэхум.**

IУЛЪХЬЭМ пэщIэтыным къыхуезыджэ баннерхэр, рекламэхэр ягъэхьэзырат а Iуэхур зи пщэ дэлъахэм. ШколакIуэ-волонтёрхэм, тырныауздэсхэм хуагуэшащ Iулъхьэм зэрыпэщIэтыну Iэмалхэр, КъБР-м и Iэташхьэм и Администрацэм Iулъхьэм пэщIэтыным теухуауэ уздэпсалъэ хъу телефоныр (8662-47-17-79; 47-32-56), Iуащхьэмахуэ районым щылажьэ телефоныр (88663-84-38-02) зытет тхылъымпIэхэр.

ЩIыналъэм Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ щыIэ комиссэм дяпэкIи ирагъэкIуэкIынущ абы теухуа Iуэхугъуэхэр. Псалъэм папщIэ, «Антикоррупционер» клуб къызэрагъэпэщам къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм драгъэкIуэкI цIыхум и хуитыныгъэхэм, властым узэрыдэлэжьэн хуейм теухуа дерсхэр.

**ТАРИМ Алисэ.**

# Къуршхэми гулъытэ хуащI

● Махуэ лъапIэ

**ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, Бгыхэм я дунейпсо махуэр 2003 гъэ лъандэрэ ЩIы Хъурейм щагъэлъапIэ.**

АБЫ И къызэгъэпэщакIуэхэм дунейпсо жылагъуэр къыхураджэ, дыщыпсэу планетэм и бгылъэ щIыпIэхэм зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ абыкIэ зэран хъу лъэпощхьэпохэмрэ гу лъезыгъатэ, апхуэдэуи, а щIы Iыхьэхэм щыпсэу цIыхухэм зыщIагъэкъуэн зэрыхуейм, къуршхэм мыхьэнэуэ яIэр зыхуэдизыр псоми ягу къэгъэкIыжыным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр, дыгъэгъазэм и 11-р зыхиубыдэ тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу, щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэмрэ къыщызэрагъэпэщыну.

Ди планетэм щIы щхьэфэу иIэм и Iыхьэ плIанэм хуэдизыр (и процент 22-м) къуршхэмрэ къуакIэбгыкIэхэмрэ яубыд. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, экономикэм зиужьынымкIэ къуршхэм я мыхьэнэр ин дыдэщ. Урысей Федерацэм хиубыдэ щIыналъэхэм ящыщу 43-м, нэгъуэщIу жытIэмэ, къэралым щIыгуу иIыгъым и нэхъыбэм, бгыхэмрэ лъагапIэхэмрэ щыкуэдщ.

ЩIы Хъурейм тес цIыхухэм ящыщу процент 13-р (мелуан 915-р) бгылъэ щIыпIэхэм щопсэу. Абыхэм я дежкIэ къуршхэр щыпсэу щIыпIэу щыт къудейкъым, атIэ икIи я ерыскъы къэкIуапIэщ. Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым, къуршхэр нэгъуэщI щIыпIэ узыщримыхьэлIэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я хэщIапIэу, апхуэдэуи, ЩIы Хъурейм щежэх псыхэм я нэхъыбэм я къежьапIэу зэрыщытри.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кIуэтэху нэхъ нэрылъагъу мэхъу бгыхэми тIасхъапIэ зэраIэр, ахэри игъащIэкIэ зэтемыщэхэжын быдапIэу къызэримыгъэщIар. Къыхэгъэщыпхъэщ къуршхэм «къапсэуну» гъащIэр зыхуэдизынумрэ ахэри щIыуэпсым зэрызэтриухуам хуэдэу къызэтегъэна зэрыхъунумрэ дунейм тет къэралхэм щекIуэкI политикэми, абыхэм щыпсэу цIыхухэм я бгъэдыхьэкIэми зэрелъытар.

ЩIы Хъурейм псы узэфэ хъуну къытехьэм и нэхъыбэр къыздыщежьэр бгыхэращ. Абы къыдэкIуэуи, ахэр къызэрымыкIуэ биологие зэмылIэужьыгъуагъэ нэхъыбэ дыдэ здэщыIэ, щэнхабзэм и щIэин нэхъ телъыджэхэм дащрихьэлIэ щIыпIэхэм ящыщщ. АдэкIи къедбжэкIынщи, къуршхэр халъытэ цIыхухэм нэхъ зыщагъэпсэху, туризмэм нэхъ зыщиужь щIыпIэ нэхъ удэзыхьэххэм.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, бгыхэм хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэзых языныкъуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэмыIэижьым, я IуэхущIафэхэм иужькIэ кърикIуэнум зэрытемыгузэвыхьым къыхэкIкIэ, ахэр щылъэща щIыпIэм къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу фаджэлэджафэ къытоуэ.

Куэдрэ къыщыхъу щыIэщ, альпинистхэмрэ туристхэмрэ къыздыщаущыхь джабэ нэкIухэмрэ абыхэм я зэхуаку дэт тIуащIэхэмрэ «зыкъыщызэщIэзыщIэ гъащIэм» къызэрымыкIуэу лей щрах. А псом я гущIыIужкIи, къуршхэм я куэщI ис къуажэхэм дэс цIыхухэм ахэр щыпсэу щIыпIэхэм зэхъуэкIыныгъэ узыхуэмейхэр къыщагъэхъу. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэхэм гулыцI зиIэ дэтхэнэри имыгъэгузэвэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Зи гугъу тщIахэм къыщIыгъужыпхъэу къыщIэкIынщ дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм: уэгъум, ятIэпс къежэххэм, уэгум къех псыIагъэм гуилъэсыкI-гуигъэухэм, уэсукхъуэхэм къыздрахьэх мывэхэм, цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэм къахэкI зэрызехьэхэм, нэгъуэщIхэми я зэранышхуэ бгылъэ щIыпIэхэм зэрекIыр.

Бгыхэр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэхэм дыгъэгъазэм и 11-р зыхиубыдэ тхьэмахуэ зэхуакум кърубыдэу, дыкъэзыухъуреихь дунейм фIыуэ хущытын зэрыхуейм ехьэлIауэ, цIыхухэм я къэухьым зезыгъэужь, ахэр тезыгъэу Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, Бгыхэм я махуэм теухуа симпозиумхэр зэхашэ, лекцэхэмрэ семинархэмрэ ирагъэкIуэкI, тхылъхэр щащэ жармыкIэхэр къызэрагъэпэщ, а Iуэхум ехьэлIа дерсхэм курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIухэр щIагъэдэIу.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



● Гъэлъэгъуэныгъэ

# Дахагъэм и дэкIуеипIэ

**Налшык БизнесымкIэ и инкубаторым щекIуэкIащ «Кавказыр узыншагъэмрэ дахагъэмрэ я щIыналъэщ» гъэлъэгъуэныгъэмрэ дахагъэмкIэ зэпеуэмрэ.**

ХАБЗЭ хъуауэ, зэхыхьэр илъэс къэс къызэрагъэпэщ. Ар Урысейм и къалэ 30-м щIигъум щекIуэкIащ. Зэхьэзэхуэм щхьэц щIэщэныр зи IэщIагъэ цIыху мини 4-м щIигъу хэтащ. Абы нэхъ IэкIуэлъакIуэу къыщалъытахэр Москва щекIуэкIыну зэпеуэм ягъэкIуэнущ.

Зэхыхьэм хэтащ Псыхуабэ, Нартсанэ, Ставрополь, Волгоград, Дон Iус Ростов, Черкесск къалэхэм, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и нэгъуэщI щIыпIэхэм щыщхэу щхьэц щIэзыщэхэр, визажистхэр, стилистхэр, Iэбжьанэ зыгъэдахэхэр. Абыхэм дерсхэр ятащ.

Пщащэхэр унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ зэпеуащ: парикмахер гъуазджэмкIэ, декоративнэ косметикэмкIэ, Iэбжьанэр гъэдэхэнымкIэ. Ахэр Iуэхум хуагъэхьэзыращ къэралым и IэпщIэлъапщIэ нэхъыфI дыдэхэу Биранова Иринэ, Баклушина Еленэ, Гарус Владимир, Березина Нанарэ, Охапкин Павел, Лазарев Максим сымэ.

Зэпеуэр дахагъэм телажьэхэм я дежкIэ дэкIуеипIэ инщ. Зэхыхьэм хэтахэм Iэмал яIэщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щылажьэ, ДахагъэмкIэ унэ нэхъыфIхэм IэнатIэ щагъуэтыну, Урысейм щекIуэкI апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну.

Iуэхур къызэрагъэпэщащ Урысейм и Парикмахерхэмрэ косметологхэмрэ я зэгухьэныгъэмрэ VIVID CONVERSION дахагъэмкIэ академиемрэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*








● Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыхъыбархэр

# Студсоветыр нэхъ пажэхэм хабжэ



**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым унэтIыныгъэ куэду зэщхьэщыха лэжьыгъэшхуэ мы зэманым щокIуэкI. Абыхэм ящыщщ зэхуэзэ купщIафIэхэри, зэпеуэ хьэлэмэтхэри, студентхэр щIэныгъэкъэхутэныгъэхэм хэзышэ конференцхэри, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ хъыбархэр дагъащIэ КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэхэм.**

ЕДЖАПIЭ нэхъыщхьэм мы махуэхэм щекIуэкIащ университетым и студсоветым блэкIа илъэсхэм зэфIиха лэжьыгъэр къыщапщытэж, апхуэдэуи а щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и пашэр щыхах конференц ин. Университетым и студентхэм нэмыщI, зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщыкъуэ ФатIимэт, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Геккиев СулътIан, КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректор Савинцев Алексей, профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэ Кобозев Игорь сымэ, нэгъуэщIхэри.

Иджырей хэхыныгъэм ипэ къихуэ лъэхъэнэм студент зэгухьэныгъэр зэлэжьа Iуэхугъуэхэм, зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ дяпэкIэ къапэщылъ къалэнхэмрэ ятеухуауэ конференцым къыщыпсэлъащ КъБКъУ-м и факультетхэм я студсоветхэм я пашэхэр. Абыхэм я псалъэм пащащ а зэгухьэныгъэм хыхьэ клубхэм я унафэщIхэми.

- КъБКъУ-м и студсоветыр ди республикэм щыIэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу нэхъ пэрытхэм, жыджэрхэм халъытэ. Нобэ дызэдэIуа докладхэм къагъэлъагъуэ абы лэжьыгъэ купщIафIэ куэд еджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщызэфIигъэкIыр, апхуэдэуи республикэм щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтыр, - жиIащ къыщыпсалъэм Геккиев СулътIан. - КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхузощI щIалэгъуалэ политикэм зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуэным зи къарурэ щIэныгъэрэ хэзылъхьэ ныбжьыщIэхэм.

Студсоветым и лэжьыгъэм арэзы техъуа нэужь, конференцым хэхыныгъэ щрагъэкIуэкIащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, КъБКъУ-м и студсоветым и пашэу хахащ Аулъэ Ахьмэд.

Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и лэжьыгъэр зэрагъэбыдэм, абы и зыужьыныгъэм хуищI хэлъхьэныгъэ иным папщIэ, ФНПР-м къыбгъэдэкI дамыгъэ лъапIэ хуагъэфэщащ КъБКъУ-м и педагогикэ факультетым и декан Бауаев Казим. Зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ университетым и профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэ Кобозев Игоррэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ абы и управленэм и унафэщI Лу Азэмэтрэ.

Университетым иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэ хьэлэмэтхэм икIи купщIафIэхэм ящыщщ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ медицинэ факультетыр къэзыух студентхэм зэрахуэзари. Министрымрэ дохутыр IэщIагъэр къыхэзыха щIалэгъуалэмрэ зэIухауэ тепсэлъыхьащ щIыпIэ медицинэм иIэ щытыкIэм, ар зыхуэфI-зыхуэныкъуэхэм. Къапщтэмэ, Шэтым къыхигъэщащ педиатрие, психиатрие, рентгенологие, терапие, анестезиологие-реанимацие, дэIэпыкъуныгъэ псынщIэ медицинэ унэтIыныгъэхэмкIэ IэщIагъэлIхэр къазэремэщIэкIыр. Абы къыхэкIыуи а IэщIагъэхэмкIэ ординатурэр пщIэншэу щытынущ, IэнатIэ зэгъэгъуэтынымкIэ министерствэр щIэгъэкъуэн яхуэхъунущ дохутыр ныбжьыщIэхэм.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и ректорымрэ егъэджакIуэхэмрэ тхьэмахуэ кIуам яхуэзащ КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ пыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр Къуэшрокъуэ Залым. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэIэщIэ щIын зэрыхуейм, абыхэм щIэблэр димыхьэхын папщIэ, лэжьыгъэ хэха зэрадегъэкIуэкIыпхъэм.

Апхуэдэу КъБКъУ-м иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» акъылъ жан джэгу хьэлэмэтыр, университетым и медколледжым и студентхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ щыIащ Перинатальнэ центрым.

**КЪАРДЭН Маритэ**



● ФщIэн папщIэ

# Сыхьэт 12-м щыщIэдзауэ 20-м нэсыху

ЦIыхухэм щаIущIэ урысейпсо махуэм хиубыдэу, 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м сыхьэт 12-м щыщIэдзауэ 20-м нэсыху, Iэмал фиIэщ фыхуэзэну УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Геграев Марат.

***ХэщIапIэр:*** Налшык къалэ, Байсултановым и уэрам, 11 «а». Телефоныр: (88662) 49-43-97.

***Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм и пресс-IуэхущIапIэ.***



Щэукъий Ахьмэд
*(1870 - 1932 гъгъ.)*

# Тхьэм псом я лейуэ къыхиха

## Мысыр усакIуэ Щэукъий Ахьмэд илъэси 145-рэ ирокъу



**Литературэм и илъэс 2015**

**<u>«Мысыр литературэм щыбгъуэтынущ зи цIэр фIыкIэ къипIуэ хъуну куэд, ауэ а псом япэ игъэщын хуейщ етIощIанэ лIэщIыгъуэм псэуа Щэукъий Ахьмэд, Мысырым я усакIуэ нэхъ ин дыдэр», - апхуэдэу щитхащ Луговской Владимир «Мысырым и усакIуэхэм я усэхэр» тхылъым хуищIа хэзыгъэгъуазэм. Тхылъыр 1956 гъэм Мэзкуу къыщыдэкIащ. Ар къызэIуех Щэукъийм и поэзиемкIэ. Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа нэгъуэщI усакIуитIми - Мыхьмуд Сами аль-Барудирэ Исмэхьил Сабрирэ - я усыгъэхэр ихуащ а тхылъым.</u>**

МЫСЫРЫМ и поэзием классицизмэм щигъуэта зыужьыныгъэм Щэукъий Ахьмэд и усыгъэхэр и лъагапIэщ икIи и дахапIэщ. Жылагъуэ гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр къигъэлъагъуэурэ, цIыхухэр зыщIэхъуэпси, зыхунэсаи, абыхэм я гурыгъугурыщIэхэри зыубгъуауэ и тхыгъэхэм къыщиIуэтащ, иджырей цивилизацэм и мыхьэнэр япэ дыдэу къэзыгъэлъэгъуэфа хьэрып усакIуэхэми ар ящыщ зыщ.

Хьэрып поэзием и гъэфIэныр, и шу пашэр 1870 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м Каир дэс адыгэ унагъуэ хуэщIам къыщалъхуащ. ЩIэныгъэфI зригъэгъуэтынымкIи зыщыщIэ щыIакъым. Ахьмэд и адэшхуэр Кавказым икIри Мысырым Iэпхъуат Мухьэмэд-Алий щытепщэ лъэхъэнэм. Аббас Езанэм и зэманым таможнэу Мысырым иIам и унафэщI къулыкъур абы къурат.

ИлъэсиплIым иту Ахьмэд пэщIэдзэ еджапIэм щIагъэтIысхьэ, и ныбжьыр илъэс пщIыкIутхум нэсауэ курыт еджапIэр къеух.

«Си къуэм юристу къулыкъу ищIащэрэт», - жызыIэ и адэм йодаIуэри, ар щIотIысхьэ Мадрасат-ал-хукъукъым - хабзэм хуэлэжьэнухэм я лицейм. Щэукъий студенту усэ тхын щIедзэ, яфIэмыIейуэ абы и IэдакъэщIэкIхэр газетхэм традзэ.

Тауфикъ хедивым и мылъкукIэ и щIэныгъэм хигъэхъуэну 1887 гъэм ар Франджым ягъакIуэ. УсакIуэ ныбжьыщIэм хабзэхэр щедж Марсель, Монпелье, Париж къалэхэм, гъунэгъуу нэIуасэ захуещI франджы литературэмрэ театрымрэ, музейхэр зрегъэлъагъу, Инджылызым макIуэ. «Алий-бек Щэджащэр» драмэр, адыгэ мамлюкхэм я псэукIам теухуар, абы Париж щетх. Франджы гъащIэм теухуауэ усэ Iэрамэрэ шыпсэхэмрэ мыбы къыщыдегъэкI.

ИужькIи абы куэдрэ къыхуихуащ Европэм кIуэну. Мысырым и щIэныгъэлIхэм я лIыкIуэу «КъуэкIыпIэ къэралхэр зыджхэм» я дунейпсо конгрессхэм Щэукъийр тIэунейрэ хэтащ - зэм Женевэ щыщекIуэкIам (1894 гъэм), етIуанэм - Афинхэм щызэхэтам (1912 гъэм).

1892 гъэм Тауфикъ хедивыр дунейм ехыжри, тахътэм тетIысхьащ Аббас ЕтIуанэ Хьилмийр. ИпэкIэ тетахэм заригъэщхьу, абы Щэукъий Ахьмэд зрешалIэ, пщIантIэдэт усакIуэ ещI. «Хьэрып литературэщIэм и тхыдэ» зыфIища и лэжьыгъэм академик Крымский А. Е. къыщыхегъэщ а гъэхэм Щэукъий муслъымэн диныр гъэлъэпIэным куэду зэрытетхыхьыр. УсакIуэм зэриукъуэдиймкIэ, а диным лъэпкъ Iэджэхэр зэкъуэш зэхуищIырт икIи муслъымэнхэм я жэнэт щIыналъэм хуэдэ щымыIэу хедивыр зи тет Мысырыр къигъэлъагъуэрт. Урыс академикыр адэкIэ щытопсэлъыхь хабзэншэу Мысырым тепщэгъуэр щызыубыда инджылызхэми, тырку сулътIан Абдул-Хьэмид ЕтIуанэми Щэукъий Ахьмэд щытхъу «пшыналъэхэр» яхуигъэшу зэрыщытам. Ауэ иужькIэ а щытхъу нэпцIхэр усакIуэм и тхыгъэщIэхэм нэхъ мащIэ щохъу.

ЕпщыкIубгъуанэ, етIощIанэ лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм адыгэ щIалэм и усыгъэ лIэужьыгъуэхэр одэрэ элегиерэт. Зым зэфIэкI зиIэ цIыхушхуэхэм щытхъу щахуигъэшырт, адрейм, зэрыхабзэти, нэщхъеягъуэхэр гущIыхьэу къыщигъэлъагъуэрт. Абы и диван «Аш-Щэукъийятыр» 1898 гъэм Каир къыщыдэкIащ. А тхылъым ихуат 1888 - 1889 гъэхэм итхахэр. И пэщIэдзэ псалъэм усакIуэр щытепсэлъыхьырт поэзиер къызэрыщыхъум, къыщиIуэтэжырт и гъащIэр къызэрекIуэкIари.

1890 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс зыбжанэкIэ Ахьмэд и къалэмыпэм къыщIокI хьэрып пасэрей гъащIэм теухуа сюжетхэмкIэ итхыжа повестхэр, хъыбархэр. Гу лъыботэ «Жэщ минрэ зым» ижь абыхэм къазэрыщIихуами, классицизмэм и хабзэхэм тету ахэр зэрыузэщIами.

ЕкIуэкI политикэм зыдезыгъэкIуф цIыхуу зыкъилъытэж пэтми, етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Щэукъий Ахьмэд итха усэхэм яхыболъагъуэ империализмэм и бий Iуэху еплъыкIэхэри, мысыр цIыхубэр и щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэбэнри. И лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр къыщыгъэлъэгъуа, гупсысэ куухэр къыщиIуатэ и усэхэм ящыщу тхылъеджэхэр нэхъ егъэпIейтей «Данышуай теухуа гукъэкIыжхэр» жыхуиIэм. Абы усакIуэм гуузу къыщеIуэтэж 1906 гъэм инджылызым зэрыпхъуакIуэхэм Данышуай жылэ цIыкIур Iисраф зэращIар. Инджылызым и бийуэ гъэпсащ «Мустэфа Камал», «Нил», «Кромер деж», «Хэкур сфIэгуэныхьу» усэхэр. Иужьрейм усакIуэм щитхырт:

**Загъэбэлыхьми а зылъэкIхэм,**
**Ер къыщытлъихьэм дыхыфIадзэ.**
**Сахэткъым ахэм я сатырхэм -**
**ЗапыIузодзыр хьэIуцыдзхэм.**
**Аргуэру соIуэ си фIэщ хъууэ:**
**МафIэсым щIы исар**
**Зывэжхэм бжьыр зытрадзауэ**
**Мылъку лейкIэ удэфар**
**Хагуэну ялъэкIыну.**

1914 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м Британием хъыбар игъэIуащ Мысырыр и унафэм зэрыщIэувэмкIэ. Хедивыр ягъэкIуэдыжат. Инджылызым и бий тхыгъэхэр зэрытрыригъэдзам къыхэкIыу Щэукъий Ахьмэд къэралым ирагъэкIащ. Илъэсихкlэ ар ирагъэхьэжакъым и хэкум. Андалусиер зи хэщIапIэ усакIуэр Iэджэуи хуэзэшырт фIыуэ илъагъу и лъахэм. Ар къыщеIуатэ а лъэхъэнэм итха усэ куэдым.

Мысырым къигъэзэжа нэужь, Щэукъий тепщэгъуэр зыIэщIэлъхэм запищIэжакъым. УсакIуэр Iущ хъуат. Абы и нэгу щIэкIырт цIыхубэм и дуней еплъыкIэм икъукIэ зэрызихъуэжам, лъэпкъыр щхьэхуит щIыжыныр псоми я гухэлъу бэнэныгъэм зэрызыхуагъэхьэзырыр.

Иджы, и напэр къемыдэуэжу, усакIуэм зыхуейр, и псэм фIэфIыр итх хъунут. И усыгъэ нэхъыфIхэри а зэманращ къыщигъэщIар. «Бэрэдэ псым теухуа уэрэд», «Властыр цIыхубэм етын!», «ЩIалэгъуалэм зыфхузогъазэ», «Хэку», «Нил аузыр зыщ» усэхэм, «Хуитыныгъэ плъыжь» поэмэм усакIуэм къыщеIуатэ КъухьэпIэмкIэ щыIэ къэралхэм зэрахьэ лейр, ялэжь мыхъумыщIагъэхэр, хьэрып къэралхэр зэкъуэувэу абыхэм я бжьыр зытрадзын зэрыхуейр.

**Жызолэ сэ: цIыхубэм властыр хуейщ**
**къищтэн,**
**ИтIанэ пщылIыпIэм дэ дыкъикIыжынщ, -**

щыжеIэ усакIуэм «Властыр цIыхубэм етын!» зыфIища усэм.

Щэукъий и пщIэм зиIэтырт, усакIуэшхуэу и хъыбарыр щIыпIэ жыжьэхэм щыIуат. Каир и «Пащтыхь оперэм» 1927 гъэм абы и щIыхькIэ къыщызэIуаха гуфIэгъуэ зэIущIэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и къэрал псоми я лIыкIуэхэм зэдэарэзыуэ ар хахащ «Хьэрып усакIуэхэм я эмиру».

ТхакIуэ цIэрыIуэ икIи критик Тахьэ Хъусейн, иужькIэ (1933 гъэм) «Хьэфизрэ Щэукъийрэ» лэжьыгъэр зытхам, а пщыхьэщхьэ гуимыхужым адыгэ щIалэм щхьэкIэ жиIат ар «муслъымэн Мысырым игъащIэ лъандэрэ къыщалъхуахэм я нэхъ зэчиифIэ дыдэу икIи Абу-ль-Ала Маари и зэманым къыщыщIэдзауэ хьэрып литературэм апхуэдэ усакIуэ къыщымыунэхуауэ». Абы ипэжкIи, 1925 гъэм, хьэрып IуэхухэмкIэ IэщIагъэлI, нэмыщэ Мысырым щыIа нэужь, мыпхуэдэу итхыжат: Кампсмейр Геирг «Мысырым щыпсэууэ хъуам я бзэгупэм телъщ Щэукъийрэ Хьэфиз Ибрэхьимрэ я цIэхэр»... Ардыдэр щыжеIэ «Мысырым и ныбжьхэр» зыфIища и тхылъым Америкэм щыщ еджагъэшхуэ Холл Том 1928 гъэм Нью-Йорк къыщыдэкIа а тхылъым и иужьрей едзыгъуэм а усакIуитIым фIыкIэ щатопсэлъыхь, инджылызыбзэкIэ езым зэридзэкIауэ я усэхэри тредзэ.

ДУНЕЙМ ехыжыным илъэс зыбжанэ нэхъ къэмынэжауэ, Щэукъий Ахьмэд драматургием зрет. Пэжщ, псэуху абы усэ тхыни щигъэтакъым. 1932 гъэм фокIадэм къызэIуаха «Аполлон» литературэ хасэм ар и тхьэмадэу хах. УсакIуэ романтикхэр зэзышэлIа а хасэр сэбэпышхуэ хъуащ хьэрып поэзием зиужьынымкIэ. Ауэ а IэнатIэм ар пэрытакъым. 1932 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м дунейм ехыжащ «хьэрып усакIуэхэм я эмирыр».

И псэр пытыху Щэукъий Ахьмэд къалэмыр игъэтIылъакъым. Езыми гъащIэшхуэ къыхуэнэжатэкъым, мазищ къудейт зэрыпсэужынур, фIыуэ илъагъу и ныбжьэгъуфI, усакIуэшхуэ Хьэфиз Ибрэхьим дунейм щехыжам. Ар и гум щIыхьауэ Ахьмэд етх «Хьэфиз Ибрэхьим и лIэныгъэм теухуауэ» усэр, гъыбзэ щIыкIэу гъэпсар.

Езыр щымыIэжми, Щэукъий и поэзие телъыджэр уахътыншэщ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа усакIуэм и гъащIэмрэ и псэукIамрэ хъыбар Iэджэ теIукIащ. Аль-Фахьури Хъаннэ зэрыжиIэмкIэ, къару иниплI бгъэдэлъати, а цIыхур адрейхэм яхуэмыдэ хъуащ. Япэ къарум къежьапIэ хуэхъурт ар хуабжьу зэрыгурыхуэр, абы и фIыщIэкIэ тхэным хуэIэзэ хъуащ. ЕтIуанэ къарууэ бгъэдэлъащ зэ зэхихар, зэджар щымыгъупщэжу игу ириубыдэфу зэрыщытар. Абы и щхьэм усэрэ уэрэду Iэджэ щихъумэрт. Ещанэу, Ахьмэд щыпсэуа лъэхъэнэм и цIыхут, и усакIуэт. ГъащIэм и къэхъукъащIэхэр кууэ зыхищIэрт. ЕплIанэ къарут зэрыгумызагъэр, зыри япэ иригъэщыну зэримыгугъэр. Фыгъуэртэкъым, ауэ хьэрхуэрагъ хэлът, зы усакIуи зытримыгъэкIуэну. Арагъэнщ абы щIыхузэфIэкIар мы дунейр къызэрыхъурэ сыт хуэдэ зэманми, сыт хуэдэ лъэпкъми къыщыунэхуа усакIуэшхуэхэм я нэхъ ин дыдэхэм ящыщ хъуну.

ЗэфIэкIышхуэ зиIэ адыгэ щIалэр тхэн щыщIидза япэ зэманхэм ахъшэ хуримыкъущэу псэуащ. Абы къыхэкIкIэ хъер къызыпих усэхэр (щытхъукIэ лIыщхьэхэр «щIигъанэу») куэду итхащ. Ауэ абы куэдрэ жиIакъым зи гупкIэ исым и уэрэд. И акъылыр тIыса нэужь, лъэпкъым, хэкум, цIыхубэм яхуэлэжьэныр къалэн зыщищIыжауэ, и къалэмым тхыгъэ хьэлэмэтхэр къыщIэкIащ.

Щэукъий, хьэрып литературэм къыдэкIуэу, Европэм ейри фIыуэ ищIэрт. Псом хуэмыдэу ар дихьэхырт франджы литературэм. Хьэзабым хэту гъащIэм и пэжыр къэлъыхъуэныр къызыхэщ и тхыгъэхэр къапщтэмэ, ахэр зыкъомкIэ ящхьщ Мюссе пэжыр къызэрилъыхъуэм. И лирикэр Ламартин ейм нэхъ хуокIуэ, псалъэ шэрыуэхэр къызэригъэсэбэпымкIэ Лафонтен нэхъ ещхьщ, и драмэхэм Корнель и пьесэ тхыкIэр уигу къагъэкIыж. Ауэ псом хуэмыдэжу Ахьмэд нэхъ пэгъунэгъущ Гюго Виктор. Франджы цIыхубэр хуитыныгъэм къэмылэнджэжу зэрыхуриджэм, хъыжьагъэ хэлъу ем зэрыпэщIэувэфым, и лъэпкъыр зыгъэин образ мыкIуэдыжынухэр къызэригъэщIым къадэкIуэу, зи гугъу тщIы франджы тхакIуэм бзэри Iэзэу игъэшэрыуэрт, и усэхэр гъащIэм къыщыхъухэм пэджэжырт. А псоми дихьэхат Щэукъийр. Шэч хэмылъуи, тхакIуэр зэрыщытын хуейм и щапхъэр абы щилъагъурт Гюго Виктор деж.

ЗЭХЪУЭКIЫНЫГЪЭШХУЭХЭР дунейм къыщыщыхъу лъэхъэнэм хиубыдащ Щэукъий Ахьмэд. И хэкум ирагъэкIын и пэкIэ зэрыпсэуа зэманыр, ирагъэкIа нэужь хузэфIэкIар, хэкум къигъэзэжа нэужь и Iуэху еплъыкIэхэм зэрызахъуэжар. Псори зэпэплъыта, зэбгъэпща нэужь, усакIуэм и IуэхущIафэр Iыхьищу зэпыбгъэщхьэхукI хъунущ: адрей усакIуэхэм запищIыжу щыщытар - зыуэ, тхэ кIэщIэм щыхуэкIуар - етIуанэу, и поэзием щIэщыгъуэу зыщиузэщIар - ещанэу.

ГъащIэм и Iейри ифIри, цIыхухэм я псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ къэхъугъэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ къэгъэсэбэпауэ, къэгъэлъэгъуэныр Щэукъий нэрыгъ ещI тхэкIэщIэм щыхуэкIуа, и усыгъэм зыщиузэщIа лъэхъэнэхэм. Ущие зыхэлъ, романтикэкIэ гъэнщIа, гумрэ псэмрэ зыхуэпабгъэхэм зыщаузэщIа усэхэм цIыхухэм къыхахын акъыл щагъуэтырт. Апхуэдэ зы усэм («ЩIэныгъэм хущIэкъум») щыщу мы сатырхэр ищхьэкIэ щыжыIахэм я щапхъэщ:

**Къэплъыхъуэжу уи пэжыр - утехьамэ уэ**
**гъуэгу,**
**Къаруушхуэ уимыIэм укъинэнущ утыку.**
**«Лыгъэ зиIэр мурадым лъокI лъэIэсын,**
**Мис апхуэдэм цIыхубэм и щытхъур**
**лъысынщ.**
**Псэм фIэфI псори бгъэзащIэу дунейм**
**утемыт,**
**Уохъу ухыгъэм и гъэр, Iэнэ шхын**
**зытемыт.**
**УлIэжынущ зэгуэр, ущымыщтэ абы...**
**Абы хэт щышынами, мэхъу ажалым и**
**пщылI.**

Щэукъий Ахьмэд и лъагъуныгъэ лирикэр зэмыплъыфэщ икIи удэзыхьэхщ. Абы зэм щызыхыбощIэ лъагъуныгъэ гуащIэм псэр хьэзаб зэрыхигъэтыр, зэм щызэхыбох гухэлъ дахэ зыIуатэ ныбжьыщIэхэм я макъ насыпыфIэхэр, зэми щыболъагъу нэгъуэщI цIыху фIыуэ зылъагъур щхьэжагъуэ хъуауэ гъащIэр фIэмыIэфIыжу. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, мы усэхэр: «Сэ сощIэж», «Пагэу ущызблэкIкIэ», «Си гум уихужыркъым», «Пощт маркI», «Махуэхэм я гъащIэр», нэгъуэщI куэдхэри. «Пагэу ущызблэкIкIэ» усэм щыщ мы сатырхэр плъыфэ дахэу зэрызэхэджар щыболъагъу:

**Уи нэкIухэм, нэхэм зэ Iуплъар**
**КъэпIейтеинщ телъыджэ укъыфIэщIу,**
**Жэнэтым къыщыхъунщ иплъа...**
**Арщхьэ щыуэнщ... НэкIу дыхьэрэнхэр**
**Жыхьэнмэ мафIэщ къыпщIэнэну.**

Лъагъуныгъэ къемыхъулIам цIыхур гуитIщхьитI зэрищIыр къыхощ «Сэ сощIэж» усэм:

**Телъыджэ гуэр дунейм щыслъагъум,**
**Уэ си гум укъокIыж.**
**БлэкIар къызодэуэж.**
**Сопыхьэ, сихьу лъагъуныгъэм -**
**ПыIэгъуэ симыIэж.**
**АтIэ хьэзабыр сыт щIэзгъэвыр,**
**СэркIэ а уи гур мывэм?**

ГъащIэм къыщыхъу хабзэщ пщащэр куэдым я гулъытэм щигъэкIыу. «СощIэж» жыхуиIэ усэмкIэ Щэукъий фIыуэ илъагъуу щыта хъыджэбзым ирехъуэныж ар къызэрепэгэкIар:

**БлэкIащ щIэщыгъуэу гъащIэр**
**щыдгъэкIуар,**
**ПщIэжын зэгуэрым къысхуэкIуауэ тхьэ?**

**Сыныпхуэзамэ, уи напIэр епхьэхауэ,**
**СумыцIыхужу фэ зытыбогъауэ.**
**Гулъытэ куэдым уэ ущагъэкIащ,**
**ЗыкъыпфIэщIыжри, къаплъэнэф ухъуащ.**

Щэукъий Ахьмэд и IуэхущIафэм, лэжьыгъэм увыпIэшхуэ щеубыд дунейм и теплъэр, и къэхъукъащIэхэр, и хъугъэхэр, псэ зыпытым яхуэдэу, къэгъэлъэгъуэным. Абы къилъытэрт Iущыгъэшхуэ хэлъу дунейр зэтегъэуваууэ икIи дунеягъэм и «щIыкIэ-ухуэкIэ» хъуар къызэриIуэтэным пылъът.

ЩЭУКЪИЙ Ахьмэд, ищхьэкIи зэрыщыжытIащи, усэ тхыныр и къалэн нэхъыщхьэу ибжырт, псэухуи нэхъыбэу аращ зыхуэлэжьар. Ауэ абы къыщIэнащ пьесэфI зыбжани. Ар щыпсэуа лъэхъэнэм Мысырым и драматургиер къыкIэрыхурт. Академик Крачковский И. Ю. и «Тхыгъэ къыхэхахэм» (Мэзкуу - Ленинград, 1956 гъэм, ещанэ том) щетх: «ЕщэщIанэ гъэхэм усакIуэшхуэ Щэукъий Ахьмэд аргуэру зэ къигъэщIэрэщIэжыну хуожьэ классикэ нэпцIыр зи щапхъэ трагедиехэр; хьэрып, мысыр пасэрей гъащIэм къыхихауэ абы итхащ пьесэ зыбжанэ («Клеопатрэ», «Камбиз», «Меджнун», «Андалусием и тепщэ гуащэ», нэгъуэщIхэри); иджыри къэс тепщэгъуэр мысыр литературэм щызыIыгъ классикэм тету усэ зэщIэжьыуэхэмкIэ тха зэрыхъуам къыхэкIыу ахэр хьэрып тхылъеджэхэм хуабжьу ягу ирохь».

Дунейм ехыжыным мазэ зыбжанэ нэхъ имыIэжу Ахьмэд и «лъым и джэ макъ» зэхех, икIи къызыхэкIа и адыгэ лъэпкъым хуэфэщэн гуэркIэ етэну лэжьыгъэм зрет. НэхъапэIуэкIэ итха «Алий-бек Щэджащэр, е Мамлюкхэм я къэралыгъуэр» пьесэр, щищIалэгъуэм къемыхъулIауэ илъытэр, щIэрыщIэу иузэщIыжыну йотIысылIэ. ПIэхэнэу зэрыщытым хуэдэу, усакIуэ сымаджэр илъэс ныкъуэкIэ псэхугъуэ имыIэу лэжьащ, и тхыкIэкIи и щIыкIэкIи пьесэр зэрихъуэ кIыжу, иригъэфIакIуэу.

Пьесэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр Каир, Акъкъэ, Силихьийе къалэхэм щокIуэкI. Ар топсэлъыхьыж адыгэ мамлюк СулътIан Алийбекрэ абы и телъхьэ хъуахэмрэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и бийуэ зыкъаIэту текIуэныгъэр къызэрахьам, Мысырыр хуит къызэращIыжам. Апхуэдэу абы къыхощыж Алий-бек и малъхъэ Мухьэмэд Абу-Зэхьабрэ мамлюк Мурад-бекрэ къызэрепцIыжар. Тхыдэ «къуэпс» кIуэцIрышам къещIэкIауэ, къыIущауэ драмэм дыщрохьэлIэ лъагъуныгъэ, щхьэхуещэ Iуэхухэми. Псалъэм папщIэ, гукъинэж къыпщохъу Мурад-бекрэ гъэр цIыхубз Амалрэ я лъагъуныгъэр. А лъагъуныгъэр къызэщIэстурэ, зэуэ къызэпоуд - фIыуэ зэрылъэгъуахэр зэдэлъхузэшыпхъуу къыщIокI.

Мы тхыгъэм наIуэ къищIащ Щэукъий Ахьмэд къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэми и псэукIами фIыуэ щыгъуазэ цIыхуу зэрыщытар. Абы адыгэхэм я шыфэлIыфэр IупщIу дегъэлъагъу, лъэпкъым и хьэлщэныр, и псэукIамрэ и зэхэтыкIамрэ ди нэгу щIегъэкI. Апхуэдэуи тхакIуэшхуэм ибзыщIакъым мамлюк къэралыгъуэми лей щызекIуэу, гъэпцIагъэ щызэрахьэу зы зэман къызэрекIуэкIар.

Хьэрып поэзием и дахапIэр къэзыгъэщIа усакIуэшхуэм мы тхыгъэр и ехъулIэныгъэшхуэу къабжащ ар фIыуэ зылъагъухэм. Абыхэм къалъытащ ар усыгъэм и телъыджэу, Iэзагъышхуэ хэлъу гъэпсауэ.

Щэукъий Ахьмэд и драмэхэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхур зэрыщытын хуейр, абы и хьэл-щэн нэхъыфIхэр - акъылыфIагъыр, пагагъыр, лIыхъужьыгъэр, хэкур фIыуэ лъагъун зэрыхуейр, хуитыныгъэр хъумэным, пщылIыпIэр гъэкIуэдыным яIэ мыхьэнэр, нэгъуэщI куэди.

Хьэрып драматургием и «адэу» Щэукъийр игъащIэкIэ щытынущ, сыту жыпIэмэ, иджырей театрым хуэлэжьэн ар ищIащ, пасэрей фащэжьыр щихри, къэунэху гъащIэм екIун «щыгъын» щитIэгъащ.

Аль-Фахьури Хъаннэ «хьэрып усакIуэхэм я эмирым» мы дунейм щиубыд увыпIэр щиубзыхукIэ жеIэ: «Ар цIыху щэджащэщ, абы къыщымынэжу, Тхьэм псом я лейуэ хиха усакIуэщ, дунейм усакIуэшхуэ дыдэу къытехъуахэм нэхърэ мынэхъ цIыкIуу, ауэ и зэчийм щыщ куэд абы пщIэншэу игъэкIуэдащ зыхуейр итхыну щыхуимыта лъэхъэнэм».

МыкIуэдыжын образхэр, усыгъэ хьэлэмэтыщэхэр зи къалэмым къыщIэкIа тхакIуэр дуней псом къыщацIыху. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум уей-уей щыжезыгъэIа, хьэрып усыгъэр къэзыгъэщIэрэщIэжахэм ящыщ зы, тхакIуэхэм я щапхъэ хъуа, ноби куэдыр зыдэплъей усакIуэшхуэщ Щэукъий Ахьмэд. Абы и усыгъэхэр мыкIуэдыж фIыгъуэу игъащIэкIэ яIэнущ Мысырым ис цIыхухэм. Захъуэжынщ зэманми дунейми, къызэкIэлъыкIуэнщ щIэблэщIэхэр, ауэ зэи къэхъункъым поэзие нэсым, Щэукъий Ахьмэд къыбгъэдэкIам, хьэрыпхэр димыхьэхыжу, и хэкуэгъухэм яфIэмыIэфIу.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

## ЩЭУКЪИЙ Ахьмэд и усэхэр

# Нил

**ГугъапIэу диIэщ, ди гуапэщ гум ехуэбэкI псыIагъэр.**
**Жэнэт щIыналъэщ, и Iуфэр зэщIэгъэгъащ щхъуантIагъэу.**
**ЩIэращIэщ пщащэ щIыкIафIэу, зауэлI къудану зэкIужщ.**
**Дыгъэ нэбзийхэр псы щхьэфэм щоджэгури псым хоткIухьыж.**

**Тенджыз губжьауэ гъатхэпэм къиунщи, уэру ехынщ.**
**Гъэр икIыхун зыхуежэхыр, щIэлажьэр цIыхум я шхынщ.**
**Бжьэхуцыр къыдегъэбэкIыр, ди губгъуэм и гуэдз щхьэмыжщ.**
**ГуфIэгъуэм и къигъэхъуапIэу, гугъапIэр къезыгъэблэжщ.**

**ГуапагъкIэ цIыхум етэныр и ткIуэпсхэм я гъащIэ уазщ.**
**ЩIыгулъым псэ хэлъхьэжыныр а псышхуэм хуиуха фарзщ.**
**Къулей-къулейсыз имыIэу гъавэр яхуегъэщхьэлъэ,**
**Iупхыжмэ, тесэ аргуэру, къыхыумыгъэкIыу пIалъэ!**

**Уеплъамэ, и пIэм имыкIыу къыпщыхъуми, и гъуэгу мыухщ.**
**Псы щIэншэм щыму, мыпIащIэу ди гъащIэр къытхурехьэх.**
**Ауэ зэм-зэм къэгубжьмэ, аслъэным и пщэц тэджауэ,**
**Псыпыхуу къызэрохьэжьэри, и нэпкъхэм къоуэ пэбжьауэу.**

**ГугъапIэу диIэщ, ди гуапэщ гум ехуэбэкI псыIагъэр.**
**Хуэкъамылыфэ и Iуфэр зэщIолыдыкI накъыгъэу.**
**Си фIэщ пхуэщIынкъым щыIэу езы жэнэтми, уеблэм,**
**ДахагъкIэ, берычэтагъкIэ зы псы пэхъуну Нилым!**

# КъыщIыхьэр уэрщ си нэгу

**Сыхуейми усщыгъупщэжыну,**
**Сигу усхуигъэкIкъым, сщIэнур сыт?**
**Сыхуейми узгъэкъуэншэжыну,**
**Уи телъхьэщ си псэр - сэ сысыт?**

**СыхущIэкъухукIэ узбгынэну,**
**Себгынэр жейми, сохьыр гугъу.**
**Си пщIыхьым слъэкIкъым ухэсхыну -**
**ПщIыхьэпIэ къэс узиIэпэгъущ.**

**Псэ езэшар къыдэгъэгъэжу**
**Дахагъэ гуэр къэкIыжмэ сигу,**
**Сигу уизгъэхуныр щхьэгъэпцIэжщи,**
**КъыщIыхьэр япэу уэрщ си нэгу.**

**Си нэпс къыщIехур лъагъуныгъэм,**
**Арщхьэкlэ сытхэр си Iэмал?!**
**Сэбэп къысхуэхъукъым нэпс шыугъэр, -**
**Си дежкIэ уи гур щIыIэмылщ.**

**УкъепэгэкIми ауаныщIу,**
**ЛъэгущIыхьу си щхьэ згъэтIылъам,**
**Сэ схулъэкIынукъым нэгъуэщIу, -**
**Пэлъэщкъым зыри сигу къэплъам.**

**ГубампIэдэхыу къанэр фадэрщ.**
**КъелыпIэ фадэри мыхъуам,**
**Изохыр пу нэлат ар фалъэм**
**КъыщыпкIыу къысхуизыгъэхъуам!**

**Сиплъакъым фадэ гуащIэм и щIэм.**
**Къысщыхуэ фадэу хъуам я ней!**
**Къихьащи гъатхэр си псэ лъащIэм,**
**Щогъагъэ си гум сэтэнейр!**

*Мысыр, Каир*



Нил псым и теплъэр, Асуан къалэм пэгъунэгъуу.




● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Мэл щхьэ-лъакъуэ гъэфIэIуа

Мэл яукIам и щхьэ-лъакъуэр ягъэлыгъуэ, зыхуей хуагъазэри якъутэ е зэрыпсэууэ къагъанэ. Апхуэдэурэ къагъэхьэзыра щхьэ-лъакъуэхэр шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри, тхъурымбэр къытрахыурэ мафIэ инкIэ ягъавэ. ИтIанэ мафIэр ирашэх, шыуаныщхьэр трапIэжри, тхъурымбэр къытрахыурэ никъуэвэфI хъуху трагъэт, шыгъу, губгъуэпхъ, бжьыныщхьэ укъэбза халъхьэри, адэкIэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Щхьэлъакъуэ вар пэшхьэкум къытрахыжри, лэпсым хэлъу дакъикъи 10 - 15-кIэ щагъэт. ИтIанэ щхьэ-лъакъуэр лэпсым къыхахри, шыбзэм иралъхьэ лэпсыр щIагъэжыну икIи тIэкIу ягъэжэпхъыну.

Апхуэдэу ягъэжэпхъа щхьэ-лъакъуэр пхъэ чей е кIэструл мыулъийм иралъхьэ, из хъуху абы къундэпсо щIыIэ щIакIэ, бжьыныху уба, шыбжий сыр упщIэта, шыбжий фIыцIэ мыхьэжауэ, шыгъу халъхьэ.

Чейм иралъхьа щхьэ-лъакъуэр щIигъанэу къундэпсор изу щытын хуейщ. Чейм и щхьэр быдэу ягъэбыдэжри щIыIапIэ-кIыфIыпIэ ягъэув, щыхуейм деж зыхуейм хуэдиз къыхахри яшх.

Апхуэдэу гъэфIэIуа щхьэ-лъакъуэр щIымахуэ псом щытщ зыри къыщымыщIу, гъэмахуэр къэсыхуи яшх. КIэртIоф гъэва, щIакхъуэ, чыржын, мэжаджэ, пIастэ дашх.

## Къэб гъэва

Къэбыр ятхьэщI, ялъэщIыж, тIууыщуэ зэгуауд, и жылэр кърах, и фэр къыдэгъэзеяуэ шыуаным иралъхьэ. И зэхуэдитIым къэсу псы щIыIэ щIакIэ, шыуаныщхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Къэбыр шыуаным кърахыж, тепщэчышхуэм иралъхьэри, бжэмышхкIэ лъахъцхэр къытрах. Яшх хуабэу, щIыIэу. Шатэ, шэ докIу.

Къэб гъэвар хуабжьу сэбэпышхуэщ зи шхалъэ, тхьэмщIыгъу, кIэтIий узхэмкIэ.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*



«Сыту пIэрэ Уае Дадэм илъэсыщIэ тыгъэу къытхуихьынур?!» - мэгупсысэ Къуэжьокъуэхэ Дисанэрэ Дамиррэ.

● «Зы уэрэдым и хъыбар»

# Нэтыныр зэрежьа щIыкIэр



«Зы уэрэдым и хъыбар» нэтыныр «1 КъБР» телерадиокомпанием илъэс зыбжанэ хъуауэ къет икIи цIыхухэм я щIэщыгъуэ имыкIауэ я гуапэу абы йоплъ. ДяпэкIэ ди газетми щыгъуазэ фыщыхуэтщIынущ а нэтыным къыщат уэрэдхэм, абыхэм я тхыдэм.

Нэтыныр езыгъэкIуэкI КIунтIыщ - Хьэпц1э Аннэ 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телевиденэм и адыгэ редакцэм щолажьэ. А зэманым къриубыдэу абы гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм теухуа нэтын купщIафIэ куэд игъэхьэзыращ. Иужьрей зэманым йолэжь езым и жэрдэмкIэ иригъэжьа «Уэрэдыр фэеплъ мыкIуэдыжщ», цIыхухэм я хуитыныгъэр хъума хъун папщIэ ящIэн хуей хабзэхэм щытепсэлъыхь «ЦIыху къэс хуитщ», «Зы уэрэдым и хъыбар» нэтынхэм.

Аннэ къиухащ Ивановэ дэт Текстильнэ институтыр, Москва щыIэ Гуманитар академиер. Ар хэтщ Журналистхэм я Урысей, Дунейпсо союзхэм, Дунейпсо Арткомитетым и лауреатщ.

- Куэд щIауэ си щхьэм илъу, ауэ Iуэху схуэмыщIурэ къыздесхьэкIащ «Зы уэрэдым и хъыбар» зыфIэсща нэтыныр, - жеIэ Аннэ. - А Iуэхум и хъыбарыр жыжьэ къыщожьэ. Зы махуэ гуэрым школым сыкъикIыжу унэм сыщыщIыхьэжам, си анэ Шал - КIунтIыщ Хьэлимэт гъыуэ щыст. Сыкъэщтауэ сыщыбгъэдэлъадэм: «Умыгузавэ, тIасэ, зы уэрэд радиом къиту седэIуати, ар си гум щIыхьауэ аращ. Согупсыс, хэту пIэрэ ар зытхар жызоIэри. Даuи, ар цIыху гуэрым и гъащIэщ», - жиIащ мамэ.

Ебланэ классым сыщIэсу арат абы щыгъуэ, ауэ си гум къинащ ар. Сыт хуэдиз зэман блэкIа абы лъандэрэ?! Телевиденэм сыкъэкIуа нэужьи, илъэс бжыгъэ гуэр дэкIыжыху къысхуехьэжьакъым а Iуэхур. ИкIэм-икIэжым, 2012 гъэм мурад сщIыри езгъэжьащ. Абы сыщелэжькIэ сытым дежи си анэм жиIар сигу къокIыж. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а нэтынхэм ящыщ зыи абы илъагъуну хунэсакъым.

Адыгэ уэрэдхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ лъэпкъым ди тхыдэщ, ди бзэщ, ди хабзэщ. Зи гугъу ящI Iуэхугъуэмк1э зэщхьэщыкIми, ахэр гъэнщIащ гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ. Апхуэдэ уэрэдхэр щIэблэм дежкIэ щапхъэ хъууэ къогъуэгурыкIуэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэрей щIалэгъуалэм куэд яхэту пхужыIэнукъым адыгэ уэрэдыжьхэм едаIуэу. Сэ сызэреплъымкIэ, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкIа уэрэдыжьхэм, дзапэ уэрэд хъуахэм, нобэ уэрэджыIакIуэхэм къагъэщIэрэщIэжу ди пащхьэ къралъхьэжхэм я хъыбар пщIэныр, ахэр зыгъэзащIэу, зытхауэ щытахэм уащыгъуэзэныр куэд и уасэщ.

Япэ дыдэу нэтыныр зытезухуар «Лъагъуныгъэм жаIэ къигъэзэжу» уэрэдращи, къыщIэддзэнщ абы теухуа хъыбарымкIэ.



### Лъагъуныгъэм жаIэ къигъэзэжу

- Мы уэрэдыр залымыгъэкIэ яфIэстхауэ жыпIэ хъунущ. Ар щыстха зэманым колхозхэм, совхозхэм зэрызауэжым, партым, комсомолым я лэжьыгъэм фытетхыхь жаIэу дызэрахуэрт. Лъагъуныгъэм теухуа зы псалъи утыку къипхьэну ухуиттэкъым. Дэ ди щIалэгъуэу, дуней псор тIэу пкIэгъуэ тхуримыкъуу апхуэдэт, колхоз лэжьыгъэ ди Iуэхут?! Уэрэдыр зытеухуар Iейуэ зызыгъэпагэу щыта хъыджэбзщ. ЩIалэм и лъагъуныгъэр къримыдзэу зэман гуэркIэ гугъу иригъэхьа нэужь, ар хущIогъуэжри, а тIур зэхуозэж. Уэрэдыр щыстхым куэдрэ гугъу сыдехьауэ схужыIэнукъым. Зы мазэм къриубыдэу псалъэри макъамэри стхат. Мэремыкъуэ Хъусен щезгъэдаIуэм, игу ирихьри абы игъэзэщIэну къищтащ. Ар щыстхар 1960 гъэрщ, - жеIэ уэрэдыр зи IэдакъэщIэкI Щомахуэ Хьэсэнбий.

**Къурш щхьэ тхъуахэм махуэр щхьэдохыжри,**
**Жэщ гупсысэр щэхуу къысхуокIуэж,**
**Гъэ блэкIахэм ящIыгъуа гухэлъхэм**
**Лъагъуныгъэу си деж къагъэзэж.**

*Ежьу:*
**Лъагъуныгъэм, жаIэ, къегъэзэжри,**
**Гумрэ гумрэ гъуэгу зэхуалъыхъуэж.**
**Лъагъуныгъэм къигъэзэжыр пэжмэ,**
**Мы си гъащIэм зэ къыхуеплъэкIыж.**

**Уигу симылъми, си гугъу умыщIыжми,**
**Уэрэд гуапэу гущIэм укъолъэт,**
**Сыт къыщIэхъур, губжэр зэхуэпщIыжми,**
**Ар зэIужу насып бзур щилъэт.**

*Ежьу*

**Зи щIэщыгъуэр имыкIыж макъамэу,**
**Лъагъуныгъэр гъащIэ джэрпэджэжщ.**
**Ауэ ар зэ пIэщIэкIамэ, гукъанэр**
**Гухэщ1 макъкIэ гъащIэм къыподжэж.**

*Ежьу*

**Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ томищ хъу, сурэтхэмкIэ гъэдэха «Казаки» тхылъ щхъуэкIэплъыкIэр. Ар зэгъусэу ягъэхьэзыращ налшыкдэсхэмрэ Псыхуабэ и «Снег» тхылъ тедзапIэмрэ.**

● ТхылъыщIэ

# Тэрч къэзакъхэм ятеухуауэ

ТХЫЛЪ къэс напэкIуэцI 624-м щыщIэдзауэ 640-рэ мэхъу. Тхылъым къэзакъ станицэхэм щызэхуахьэса сурэтищэм щIигъу къыщыхьащ, Кавказым ис лъэпкъхэм ящыщхэри яхэту. Тхылъищым килограммищрэ никъуэрэ я хьэлъагъщ. КъыдэкIыгъуэр экземпляр 1200-рэ мэхъу.

Тхылъым ихуа тхыгъэхэм я гугъу пщIымэ, тэрч къэзакъхэм къадэкIуэу абы зыщыхэбгъэгъуэзэфынущ Кубань, Астрахань, Дон щыIэ дзэхэм ятеухуахэми.

Къэзакъхэм ятеухуа тхылъхэр илъэсищэм нэблагъэкIэ къызэрыдамыгъэкIыжам къыхэкIыу тхылъеджэхэр щыгъуазэкъым абыхэм я къекIуэкIыкIам, урыс къэралыгъуэр зэфIэувэным хуащIа хэлъхьэныгъэм, я тхыдэм.

Лэжьыгъэр зи IэдакъэщIэкIари ар зэхэзыгъэуvари Котляровхэ Мариерэ Викторрэщ. Тхылъым и пэублэ тхыгъэр зыгъэхьэзырар тэрч къэзакъхэм я тхыдэдж Iэзэ Бурда Эдуардщ.



Тхылъыр къызэрыдагъэкIыну мылъкукIэ къадэIэпыкъуащ Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ Федеральнэ агентствэр, «Урысейм и щэнхабзэ» (2012 - 2018 гъэхэм) федеральнэ программэ хэхам хыхьэу.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

● ПсалъэжьхэрI

# Iейм фIы къишэркъым

- ♦Хьэщ1эр шхэмэ, бжэм йоплъ.
- ♦Щхьэж и фэгъу и гуэгъущ.
- ♦Ахъмэт и фо изщ, улъэмыIэсмэ, сыт и сэбэп?
- ♦Бжьыхьэ жэщ щэрэ минщ.
- ♦Тхьэ елъэIу Тхьэ и щIасэщ.
- ♦IэщIагъэ зиIэм Iэужь иIэщ.
- ♦Iейм фIы къишэркъым.
- ♦Зым и мыгъуэщ, зым и махуэщ.
- ♦Уи анэм иIэм еплъи, уи Iэм илъым едзакъэ.
- ♦Шы нэхърэ, бзэгу нэхъ жэрщ.
- ♦Вым лъэмыIэсыр гуфэм йоуэ.
- ♦Уи лъэуей елъэр уи джэдщ, уи ныбэм къикIыр уи бынщ.
- ♦Уэсым хэсыр къанэри, хьэжыгъэм хэсыр лIащ.

● ЖыIэгъуэхэр

### Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ - акъыл зыбгъэдэлъ

■Нэпсейм псым хэлъ мывэхэри сысейщи, фемыIусэ жиIэурэ, псыхъуэр къижыхьырт.
■Псори ебгъэджэну ухуежьэмэ, емыкIу къэпхьынщ, псоми я деж зыгуэр къыщыпщIэну ухэтмэ, акъыл къыхэпхынщ.
■ЦIыхум и дуней тетыкIэр зэлъытар къыхалъхьа гъэсэныгъэрщ.
■Иджырей зэманым пIэщIэкIам хуэдизщ къыпIэщIалъхьэжынур.
■Акъыл зиIэми, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъми, къулыкъу зыIыгъми цIыхугъэ яхэмылъмэ, мыхьэнэ иIэкъым.
■Ер вы бжьакъуэм къикIыу жаIэ щхьэкIэ, ар къызэрыкIыр цIыху псалъэрщ.
■Делэм и бэлыхьыр губзыгъэм егъэв.
■ГъащIэм и IэфIагъым хуэдизи и дыджагъщ.
■Ахъшэ и куэд щхьэкIэ бохъшэ къыхуэщэхуртэкъым.
■Мывэ хъурейр уи япэкIэ бгъэжэн хуей хъумэ, нэхъ цIыкIуу къыхэх, ухущIегъуэжынкъым.
■Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ - акъыл зыбгъэдэлъ.
■Лъагъуныгъэр гъащIэм и фощ.

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз

*ЕкIуэкIыу:* **5**. Хадэхэм, губгъуэ хьэсэхэм къыщыкI удзыжь щхьэ гъуэжь. **6**. КIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **9**. Ди гъунэгъу фызым ... пэшэгъу иIэу яIуатэ. **10**. ... тесу псым йопыдж. **11**. Пщэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу. **12**. Ди къэралым щыщ Къалэ-ЛIыхъужь. **14**. ... егъу нэхърэ - ныбжьэгъуфI. **15**. Япэ адыгэ усакIуэхэм ящыщщ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и зы уэрамым. **19**. Нартхэм я бжьамиящэ. **20**. Вагъуэр уафэм щумылъагъуэ жэщ. **22**. Дагъыстэным, Куржым, Шэшэным, Осетие Ищхъэрэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь щIыналъэхэм щыIэ псыежэх. **23**. ЩIалэр ... куцIрэ фо цIынэкIэ япIащ. **24**. Къамэ Iэпщэр зэрагъэщIэращIэ. **29**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, адыгэм ди гъунэгъу лъэпкъ. **31**. Ди гъунэгъу лIыжьым и ... пажэр фронтым дашащ. **32**. Апхуэдэ щIалэ бэлыхь ... зы къахэпшыну аращ. **33**. Хьэкъущыкъу. **34**. Гуащэм и нысэм зыхуегъафIэ: «ЩIыIэм сиубыдащ, ... къыстехьауэ сокIэзыз».

*Къехыу:* **1**. Нэхъ пасэм цIыхубзхэм я Iэбжьанэр а къэкIыгъэмкIэ ялэу щытащ. **2**. Мэкъу пыупщIа сатыр. **3**. ТепIэнщIэлъын. **4**. ... зэрына хузэрыхыркъым. **5**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, колхоз тхьэмадэу щыта ... Хьэсэн. **7**. «... - Африкэм» - IутIыж Борис и пьесэ. **8**. Илъэс зытIум ит шыщIэ. **13**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ, щэ куэд телъу. **16**. ХьэщIэ гуп къысхуеблэгъащ хьэхэрэ ... . **17**. Уи хьэ фIэпщ и ... . **18**. Къэрэгъэш щыщ адыгэ уэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **21**. ... Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ. **22**. «... и дыгъуасэхэр» - ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ. **25**. ПщIащэм нэгъуэщIу зэреджэ. **26**. ХъумпIэцIэдж Iуащхьэ. **27**. МылъкукIэ зызымыгъэнщI цIыху. **28**. Тенджыз (Ахын) Iуфэм Iус къалэ, сабий курорт. **30**. Iэщхэм я гъэмахуэ хъупIэ.



*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

### *ЩэкIуэгъуэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр*

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Къунан. **4**. Пщыпхъу. **6**. Быдэ. **8**. БыртIым. **9**. Къаплъэн. **11**. Къурш. **12**. КIыгу. **16**. ТIэкIу. **17**. Лэгъунэ. **22**. Адэжынэ. **23**. Iэмбатэ. **25**. Мэжид. **27**. КIэн. **28**. Щай. **30**. Щхьэ. **36**. Хьэуазэ. **37**. Мэгурым. **38**. Имыс. **39**. Бардэ. **40**. Балэ.

*Къехыу:* **2**. Ныбжь. **3**. Нартан. **4**. Пкъынэ. **5**. ХъумакIуэ. **6**. Балъкъыз. **7**. Данэ. **10**. Гъуэрыгъуэ. **13**. Гундэлэн. **14**. Къул. **15**. КIэ. **16**. ТIэхъуалэщ. **18**. Баш. **19**. Мыл. **20**. Умэ. **21**. Хьэм. **24**. Бжыхьым. **25**. Мы. **26**. Ду. **29**. Шыцуэс. **31**. Щхъырыб. **32**. Хьэзаб. **33**. Щхьэзэ. **34**. Тхьэм. **35**. Iумыл.

● ГушыIэ

## Джэдухьэжы зещI

Джэдур Iэмал хуекIуэу дызыгъуэхэр зэтришхыхьыну мурад ищIат. Лейуэ зэрихьахэм хущIегъуэжауэ, и гуэныхьхэр ипшыныжыну хьэжыщI кIуэну зигъэIуащ. Дзыгъуэхэри къыхуэкIуэу яриха лейр къыхуагъэгъуну елъэIуу лIыкIуэ яхуищIащ.

Дзыгъуэхэм я фIэщ хъури, утыкум къихьащ. Джэдуми зигъэуардэу яхыхьэри къыщIидзащ:

- Къэпым щхьэ щIиIэр, илъыр абыкIэ къипх зэрыхъур псоми фщIэрэ? - жиIэри яхэупщIыхьащ.

- Сыт щIэдмыщIэр? - жаIащ псоми зыжьэу.

- АтIэ, а къэпыщхьэмкIэ къивмыхыу къэп щIэрыпсыр щIэвугъуэныр сыт? - жиIэри дзыгъуэхэр зэтриукIащ.

ГЪУКIЭМЫХЪУ Iэбубэчыр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, БищIо Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №2078